



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU ASIRE LEKÒL YO AN SEKIRITE

Lejislasyon S.2629A/A.286A egzije pou tout distri lekòl yo konsidere prensip konsepsyon yo nan planifikasyon etablisman yo pou asire anviwònman lekòl ki an sekirite, pwoteje ak sen

Gouvènè Kathy Hochul te siyen "Lwa sou Sekirite Lekòl depi nan Konsepsyon" (Safe Schools by Design Act) ki pral mande pou tout plan senk ane etablisman kapital distri lekòl yo konsidere entegre prensip konsepsyon ki pral bay yon anviwònman lekòl ki an sekirite, pwoteje ak sen. Lejislasyon an ogmante tou depans ki elijib pou Sibvansyon Jounen Pwolonje ak Prevansyon Vyolans Lekòl yo pou ajoute ladan yo pwogram ki fasilite ak ankouraje patisipasyon kominote a nan planifikasyon etablisman lekòl yo.

"Yon anviwònman lekòl ki an sekirite se yon eleman esansyèl pou bay pi bon edikasyon pou elèv nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a mete aksan sou angajman nou anvè elèv ak pwofesè nou yo nan asire ke sante ak sekirite yo konsidere depi nan kòmansman tout pwojè konstriksyon lekòl yo".

Lwa aktyèl la egzije pou chak distri lekòl devlope plan enstalasyon kapital senkan pou genyen ladan yo yon envantè bilding, estimasyon depans pou konstriksyon bilding, reparasyon, oswa renovasyon, ak estimasyon depans pou antretyen bilding ak konsomasyon enèji.

Lejislasyon S.2629A/A.286A amande lwa edikasyon an lè li egzije distri lekòl yo konsidere entegrasyon prensip ak estrateji konsepsyon, dapre direktiv Komisè Edikasyon an te pibliye, nan plan kapital senk ane yo kòm yon pati nan apwòch global pou yon anviwònman lekòl sen, an sekirite ak pwoteje. Anplis de sa, lejislasyon an gen ladan pwogram ki fasilite ak ankouraje patisipasyon kominote a nan planifikasyon etablisman lekòl yo pou yo ka depans ki elijib pou Sibvansyon Jounen Pwolonje ak Prevansyon Vyolans Lekòl.

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Lekòl New York yo dwe bay elèv yo ak anplwaye yo anviwònman ki an sekirite ak pwoteje. Nou konnen tou ke elèv yo devlope nan anviwònman ki byen fèt ki ankouraje yo eksplòre ak aprann olye ke yo santi yo fèmen. Prensip konsepsyon entelijan yo ka reyalize tou de objektif yo, asire elèv yo nan

anviwònman an sekirite, konfòtab ak nourisan. Lwa sou Sekirite Lekòl depi nan Konsepsyon yo a abòde tout pwèn sa yo lè li mande distri lekòl yo pou yo konsidere karakteristik modèn pwoteksyon ak sekirite pandan y ap planifye konsepsyon lekòl yo. Mèsi a Manm Asanble Paulin pou patenarya solid li sou pwojè lwa sa a ak Gouvènè Hochul paske li te siyen li",

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Genyen fason pou kreye etablisman lekòl ki an sekirite pou timoun san yo pa mete ba sou fenèt yo ak detektè metal nan antre yo. Lwa sou Sekirite Lekòl depi nan Konsepsyon an te adopte yon apwòch diferan sou sekirite lè li konsantre sou konsepsyon yon bilding, sa ki gen enpak pozitif ak dirab sou sekirite lekòl yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi sa a ki ede distri lekòl yo pran desizyon sou konsepsyon ki eklere pou kreye anviwònman aprantisaj ki an sekirite ak akeyan".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)